# Xızmetler tarawınıń rawajlanıwı

Búgingi kúnde xızmetler tarawı Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń jedel rawajlanıp atırǵan tarmaqlarınan biri bolıp esaplanadı.

2019-jıl yanvar-may aylarında bazar xızmetleri ko'lemi 2093,3 mlrd. sumdı quraǵan bolıp, ótgen jıldıń usi dáwirine salıstırĝanda 19,0 % ke ósti.

Xızmetler quraminda jámi xızmetlerdiń eń úlken úlesi transport xızmetleri (26,6 %), sawda xızmetleri (23,5 %), finansliq xızmetler (17,5 %),baylanis ha'm ma'limleme xızmetleri (6,3%) esesine tuwri keledi.

**2019-jıl yanvar-may aylarında kórsetilgen xızmetler quramı, %**




*Maǵlıwmat ushın: 2018-jıl yanvar-may aylarında kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi 1650,3 mlrd. sumǵa teń bolǵan.*

2019-jıl yanvar-may aylarında kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi ótgen jılǵa salıstırǵanda 443,0 mlrd. sumǵa ósti. Jıldıń aldınǵı (2019-jıl yanvar-aprel) ayı dáwrine salıstırǵanda xızmetler kólemi 440,4 mlrd. sumǵa kóbeydi.

**2019-jılda ayrım xizmet túrleri kóleminiń salıstırılıwı, mlrd. sum**




Transport xızmetleri (114,8 mlrd. sumǵa), sawda xızmetleri (106,5 mlrd. sumǵa), finanslıq xızmetler (86,9 mlrd. sumǵa), baylanıs hám málimleme (28,2 mlrd. sumǵa) sıyaqlı xızmetler kóleminiń asıwı 2019-jıl yanvar-may ayına salıstırılǵanda kórsetilgen bazar xızmetleri kóleminiń ósiwine sebeb boldı.

## 2019-jıl yanvar-may aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha xızmetler islep shı ǵ arıw kólemi

| | Kólemi, mlrd. sum | Ótken jıl ǵ a salıstır ǵ anda ósiw páti, % da |
|---|---|---|
| **Xızmetler - jámi** | **2093,3** | **119,0** |
| sonnan | | |
| baylanıs hám málimleme xızmetleri | 132,5 | 110,3 |
| finanslıq xızmetleri | 367,1 | 182,4 |
| transport xızmetleri | 556,9 | 115,7 |
| sonnan: avtotransport xızmetleri | 284,3 | 101,1 |
| jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 64,0 | 103,1 |
| sawda xızmetleri | 492,4 | 103,1 |
| kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 70,3 | 102,0 |
| tálim tarawındaĝı xızmetler | 98,5 | 134,7 |
| densawlıqtı saqlaw tarawındaĝı xızmetler | 22,9 | 100,8 |
| ijara xızmetleri | 46,5 | 106,6 |
| kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetler | 63,7 | 102,0 |
| jeke xızmetler | 80,4 | 106,8 |
| arxitektura tarawındaĝı xızmetler | 39,2 | 178,3 |
| basqa xızmetler | 58,9 | 103,3 |

## 2019-jıl yanvar-may aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha bazar xızmetleriniń ósiw páti, %




**1** Jámi xızmetler
**2** Baylanıs hám málimleme xızmetleri
**3** Finanslıq xızmetleri
**4** Transport xızmetleri
**5** Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri
**6** Sawda xızmetleri
**7** Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler
**8** tálim tarawındaǵı xızmetler
**9** den-sawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler
**10** ijara xızmetleri
**11** Kompyuterlerdi  ońlaw boyınsha xızmetler
**12** jeke xızmetler
**13** arxitektura tarawındaǵı xızmetler
**14** basqa xızmetler

2019-jıl yanvar-may aylarında ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda finanslıq xızmetleri (82,4 %); arxitektura, injenerlik izleniwleri, texnikalıq sınawlar hám analiz tarawındaǵı xızmetleri (78,3 %); tálim tarawındaǵı xızmetler (34,7 %) payda etken.

## 2019-jıl yanvar-may aylarında kórsetilgen bazar xızmetleriniń úlesi. %

| | |
|---|---|
| Transport xızmetleri | 26,6 % |
| Sawda xızmetleri | 23,5 % |
| Finanslıq xızmetler | 17,5 % |
| Baylanıs hám málimleme xızmetleri | 6,3 % |
| Tálim tarawındağı xızmetler | 4,7 % |
| Jeke xızmetler | 3,8 % |
| Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 3,4 % |
| Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 3,1 % |
| Kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetler | 3,1 % |
| Basqa xızmetler | 2,8 % |
| Ijara xızmetleri | 2,2 % |
| Arxitektura tarawındağı xızmetler | 1,9 % |
| Den-sawlıqtı saqlaw tarawındağı xızmetler | 1,1 % |

Jámi xızmetler quramında eń úlken úlesi transport xızmetleri (26,6 %), sawda xızmetleri (23,5 %), finanslıq xızmetler (17,5 %), baylanıs hám málimleme xızmetleri (6,3 %) úlesine tuwrı keledi.

## 2019-jıl yanvar-may aylarında ekonomikalıq háreket túrleri boyınsha xızmetler islep shıǵarıw kólemi

| | |
|---|---|
| Transport xızmetleri | 556,9 mlrd. sum |
| Sawda xızmetleri | 492,4 mlrd. sum |
| Finanslıq xızmetler | 367,1 mlrd. sum |
| Basqa xızmetler | 167,5 mlrd. sum |
| Baylanıs hám málimleme xızmetleri | 132,5 mlrd. sum |
| Tálim tarawındaǵı xızmetler | 98,5 mlrd. sum |
| Jeke xızmetler | 80,4 mlrd. sum |
| Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 70,3 mlrd. sum |
| Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 64,0 mlrd. sum |
| Kompyuterlerdi ońlaw boyinsha xızmetler | 63,7 mlrd. sum |

Eń joqarı bazar xızmetleri kólemi transport xızmetleri (556,9 mlrd. sum), sawda xızmetleri (492,4 mlrd. sum), finanslıq xızmetleri (367,1 mlrd. sum), baylanıs hám málimleme xızmetlerinde (132,5 mlrd. sum) gúzetilgen.

Házirgi waqıtda sawda tarawı bazar talabın anıqlawshı tiykarǵı qatnasıwshılardan bolıp esaplanadı. Búgingi kúnde sawda xızmetleri mámleket ekanomikasında kórsetilip atırǵan xızmetler ulıwma kóleminiń sezilerli bólegin quraydı. Respublikada zamanagóy axborat texnologiyalarınan paydalanǵan halda usaqlap sawda tarmaqları rawajlanbaqta.

2019-jıl yanvar-may aylarında sawda xızmetleri kólemi 492,4 mlrd. sumǵa teń boldı. Kórsetilgen xızmetler ulıwma kólemindegi úlesi 23,5 % ti quradı.

Sawda xızmetleri quramına avtomobiller hám motocikller sawdasinan tısqari usaqlap sawda boyınsha xızmetleri úlken salmaqqa iye bolıp, oniń úlesi 76,7 % ti quraydı.

Kótere sawda boyınsha xızmetlerdiń (avtomobiller hám motocikller sawdasınan tısqarı) úlesi 15,2 % ke jetti.

Avtomobiller hám motocikller ońlaw boyńınsha xızmetlerdi qosqan halda avtomobiller hám motocikller kótere hám usaqlap sawdası boyınsha xızmetler ulıwma sawda xızmetleri kóleminde 8,1 % ti iyeleydi.

**2019-jıl yanvar-may aylarında sawda xızmetleri quramı, %**



Zamanagóy bank xızmetlerin kórsetiw, solar qatarına “cifravoy” banklar hám usaqli xızmetler kórsetiwge arnalǵan bank bólimlerin dúziw ushin innavatsion bank texnalogiyaların sińdiriw, araliqtan turıb bank xızmetlerin kórsetiw, tólem sistemasin rawajlandiriw finans xızmetleriniń rawajlanıwına járdem berdi.

2019-jıl yanvar-may aylarında finanslıq xızmetler kólemi 367,1 mlrd. sumǵa teń bolip, ótken jıldıń sáy dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 182,4 % ti kórsetti.

**2019-jıl yanvar-may aylarında finanslıq xızmetlerdiń quramı, %**




**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması**
**Xızmetler tarawı statistikası bólimi**
*Orınlawshı:* **B.Tajibekov**
*(71)230-82-15*